

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana dadaran di bab saméméhna, aya opat hal nu bisa dicindekkeun nu aya patalina jeung tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, nyaéta 1) jenggléngan jeung prak-prakan tradisi *nurunkeun*, 2) bahan jeung properti anu kudu aya dina tradisi *nurunkeun*, 3) unsur sémiotik anu nyampak dina tradisi *nurunkeun*, jeung 4) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di kelas XII SMA. Sangkan leuwih jéntré dicindekkeun dina pedaran ieu di handap.

Kahiji, tradisi *nurunkeun* mangrupa kagiatan salametan anu dilaksanakeun dina waktu saminggu atawa tujuh poé sabada ngalahirkeun. Ieu tradisi mangrupa kagiatan anu geus dilaksanakeun sacara turun-tumurun ku warga Désa Karangpaningal anu terus dijaga nepi ka jaman ayeuna. Tradisi *nurunkeun* mangrupa salasihiji tina daur hirup manusa nyaéta bagian ngurus orok sabada dilahirkeun ka alam dunya. Kecap *nurunkeun* asalna tina kecap “turun”, nyaéta kecap pagawéan pindah tempat ti luhur ka handap. Sabalikna unggah atawa lungsur tina tarajé, tas naék, ti imah, jeung tina pangkatan. Saupama *nurunkeun* orok mah nyaéta melesirkeun orok anu anyar puput puseur ku indung beurang ka buruan bari nuduh-nuduhkeun ka orok sakur nu aya di sakuriling bungkingna, nyaéta sarat supaya orokna jaga loba kanyaho. Maksud jeung tujuan dilaksanakeun ieu kagiatan nyaéta pikeun ngawanohkeun orok anu karék lahir ka lingkungan luar, supaya jalma lian atawa tatangga ogé apal yén ieu orok geus bisa dibawa ulin ka luar imah. Lian ti éta minangka sukuran ka Gusti Alloh kana sagala ni'mat ti Anjeun-Na jeung miharep aya kasalametan pikeun saréréa.

Tradisi *nurunkeun* ngawengku kana tilu bagéan nyaéta *pra* tradisi, prungna tradisi, jeung *pasca* tradisi. Kagiatan *pra* tradisi ngawengku kagiatan nataharkeun parawanten jeung nyiapkeun bahan keur nyawér. Prungna tradisi mangrupa kagiatan inti dina tradisi *nurunkeun*, nyaéta ti mimiti kagiatan *nurunkeun* orok, ngaguratkeun endog hayam, ngaradinan (masangkeun benang), nyisiran jeung

ngacaan orok, nyawér, jeung nyundatan pikeun budak awéwé. Kagiatan nu pamungkas nyaéta *pasca* tradisi, mangrupa kagiatan bébérés sakabéh bahan jeung properti anu digunakeun, boh éta di buruan imah tempat dilaksanakeunana tradisi *nurunkeun*, boh éta di jero imah.

Kadua, dina tradisi *nurunkeun* merlukeun bahan jeung properti anu ngarojong kana lumangsungna ieu tradisi. Bahan jeung properti anu aya dina tradisi *nurunkeun* nyaéta béas, duit, gula, uyah, bumbu, sisikian, cau, opak amis jeung opak asin (sa), tékték (daun seureuh), endog hayam, kalapa, kaca, sisir, benang, péso, kecer mata, taplak/tiung segi opat, payung, piring jeung baskom. Maksud atawa ma'na (sa) nyaéta nyimbolkeun saihlasna, samampuhna, sacukupna atawa sapuratina. Salian ti éta aya deui bahan jeung properti anu kudu disadiakeun pikeun nyundatan nyaéta nyaéta gunting, bétadin, kapas, duit lambaran/kertas jeung kencing.

Katilu, tradisi *nurunkeun* miboga unsur sémiotik anu patali jeung ma'na atawa harti anu nyangkaruk dina ieu tradisi nyaéta ikon, indéks, jeung simbol nurutkeun Charles Sander Peirce. Unsur-unsur sémiotik anu kapaluruh dina tradisi *nurunkeun* aya 33 anu ngawengku 14 ikon, nyaéta: (1) indung beurang, (2) indung budak, (3) budak orok, (4) buruan imah, (5) gunting, (6) péso, (7) baskom, (8) piring, (9) bétadin, (10) kapas, (11) kecer mata, (12) payung, (13) permén, jeung (14) ciki. Indéks dina tradisi *nurunkeun* aya 4, nyaéta: (1) sahadat, (2) solawat, (3) tasbéh, jeung (4) du'a-du'a. Sarta simbol dina tradisi *nurunkeun* aya 15, nyaéta: (1) ngaradinan, (2) ngaguratkeun endog hayam, (3) nyisiran orok, (4) ngacaan orok, (5) nyundatan, (6) béas, (7) bumbu, (8) sisikian, (9) uyah, (10) gula, (11) kalapa, (12) tékték (daun saureuh), (13) cau, (14) opak, jeung (15) kembang. Sabada dipasing-pasing dumasar kana bojék sémiotikna dina tradisi *nurunkeun* ogé kapauruh objék anu jadi dominanna nyaéta simbol aya 15 matéri.

Kaopat, hasil panalungtikan ngeunaan tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis. Bisa dijadikeun alternatif bahan ajar dina pangajaran maca artikel budaya di kelas XII SMA.

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan, pikeun mahasiswa dipiharep bisa dijadikeun référénsi, nambahan pangaweruh ngeunaan sémiotik jeung tradisi anu aya di tatar Sunda hususna ngeunaan tradisi *nurunkeun*. Pikeun dunya atikan, hususna guru basa Sunda, bisa dijadikeun salasihiji référénsi jeung bahan pangajaran basa Sunda di kelas XII SMA, nyaéta dina matéri maca artikel. Ieu hal bisa jadi salasihiji cara sangkan ieu tradisi bisa dipikawanoh ku generasi ayeuna jeung satuluyna. Pikeun masarakat umum, dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan tradisi anu aya di tatar Sunda, salasihijina tradisi *nurunkeun* anu aya di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun, nyaéta (1) pikeun mahasiswa, dipiharep bisa ngalaksanakeun panalungtikan anu séjén anu leuwih jero ngeunaan tradisi *nurunkeun* di daérah séjén, sangkan bisa kaguar deui hal-hal anu séjenna anu aya dina ieu tradisi, (2) pikeun guru, dipiharep bisa ngawanohkeun deui tradisi-tradisi anu aya di tatar Sunda, ngaliwatan média saperti artikel, jeung (3) pikeun masarakat umum, dipiharep bisa tuluy ngamumulé sarta ngajaga ieu tradisi sangkan heunteu tumpur ku mekarna jaman, tur bisa dipikanyaho ku generasi satuluyna.